



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CHIF TOURIS REKÒ PANDAN EKLIPS SOLÈ TOTAL 8 AVRIL LA

Soti 6 avril rive 9 avril, prèske yon milyon vizitè te vini nan Pak Eta New York yo – yon ogmantasyon 45 pousan nan prezans yo konpare ak 2023

Enstalasyon Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) Eta New York yo te òganize evènman obsèvasyon espesyal, ki akeyi plis pase 10,000 vizitè

Otorite Thruway Eta New York ak Depatman Transpò Eta New York te anrejistre yon gwo ogmantasyon nan vwayaj machin yo

Nan dat 7 ak 8 avril, Otorite Enèji New York te prèske double kilomèt rechaj yo pou Veyikil Elektrik lè yo konpare ak Semèn anvan an

Gouvènè Hochul te vizite Pak Eta Niagara Falls pou l te fè eksperyans eklips solè total la; foto ak sekans videyo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a chif touris rekò nan New York soti 6 avril pou rive 9 avril pandan vizitè yo te rive pou eklips solè total la. Prèske yon milyon moun te vizite Pak Eta New York soti 6 avril rive 9 avril – yon ogmantasyon 45 pousan konpare ak ane pase. Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority, NYSTA) ak Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) te anrejistre yon ogmantasyon enpòtan nan vwayaj veyikil, epi Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te prèske double kantite kilomèt rechaj veyikil elektrik yo lè yo konpare ak semèn anvan. Gouvènè Hochul [te](#) yonn nan 45,000 vizitè ki te fè eksperyans evènman selès lendi a nan Pak Eta Niagara Falls (Niagara Falls State Park).

"Soti nan Niagara Falls majesty rive nan Adirondacks pisan yo, New York se te youn nan pi bon kote sou tè a pou temwanyen evènman selès sa a ki rive yon fwa nan yon jenerasyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te planifye pou plis pase yon ane pou akeyi yon kantite vizitè rekò pandan eklips solè total la, epi preparasyon sa yo te ede evènman sa a dewoule san danje epi avèk siksè."

An oktòb 2022, Gouvènè Hochul te rasanble yon Gwoup Travay Entè-ajans ki gen ladann prèske de douzèn ajans ak otorite eta yo pou prepare pou akeyi foul vizitè eta a te prevwa pou evènman sa a ki rive yon fwa nan yon jenerasyon. Ajans Eta New York ki patisipe nan Gwoup Travay Entè-ajans yo rapòte sèvis rekò yo bay rezidan yo ak vwayajè yo.

Pak Eta New York

Soti 6 avril rive 9 avril, prèske yon milyon vizitè te parèt nan Pak Eta New York pou temwen ak selebre eklips solè total la, yon ogmantasyon nan prezans ki te plis pase 45 pousan konpare ak menm jou yo an 2023. Nan dat 8 avril sèlman, Pak Eta New York te akeyi plis pase 326,500 vizitè, yon ogmantasyon nan prezans ki plis pase 52 pousan konpare ak ane pase. 12 pak eta te rive nan plen kapasite nan dat 8 avril:

- Cayuga Lake (Konte Seneca)
- Chimney Bluffs (Konte Wayne)
- Crown Point (Konte Essex)
- Cumberland Bay (Konte Clinton)
- Pak Eta Fair Haven (Konte Cayuga)
- Fèm John Brown (Konte Essex)
- Point Au Roche (Konte Clinton)
- Robert Whele (Konte Jefferson)
- Selkirk (Konte Oswego)
- Seneca Lake (Konte Seneca)
- Southwick Beach (Konte Jefferson)
- Pak Eta Stony Brook (Konte Steuben)

Gouvènè Hochul te ouvri teren kan nan Pak Eta yo nan chemen totalite a bonè pou akomode vizitè yo pou eklips solè total la, ki te rezève a 100 pousan nan lannwit 7 avril la ak 93 pousan rezève lannwit 8 avril la. Pou akeyi vizitè yo, Pak Eta New York yo ak Sit Istorik yo te òganize anpil rasanbleman obsèvasyon eklips yo nan dat 8 avril. Anplis de sa, syantifik yo, ekspè yo nan domèn lan ak astwonòt nan Administrasyon Nasyonal Espas ak Ayewonotik (National Aeronautics and Space Administration, NASA) pral bay pwogram ak ekspozisyon nan Pak Eta Niagara Falls jiska 8 avril.

Otorite Enèji New York

Nan dat 7 ak 8 avril, Otorite Enèji New York la te rapòte ke EVOlve Stations te bay pakouri plis pase 418,429 km, ki plis pase 185,071 km an plis pase menm jou semèn anvan an.

Depatman Transpò Eta New York la

Anplwaye ak resous Depatman Transpòtasyon Eta New York yo te angaje totalman jiska ak atravè eklips la k ap siveye kondisyon sikilasyon an, pou reponn ak ijans yo epi ede otomobilis yo rive nan destinasyon yo an sekirite epi avèk mwens reta posib. Jan nou te prevwa, Eta New York te fè eksperyans volim trafik ki modere ak chaje nan sèten zòn sou chemen totalite a, espesyalman nan North Country ak Adirondacks, epi apa kèk aksidan ki te rezoud rapidman, pa te gen okenn gwo ensidan yo rapòte.

Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority)

Pandan peryòd senk jou vandredi 5 avril rive madi 9 avril la, yo te anrejistre plis pase 5.5 milyon tranzaksyon peyaj yo. Jounen pik la te madi 9 avril, ak plis pase 1.2 milyon tranzaksyon peyaj, yon ogmantasyon 21 pousan sou ane anvan an. Lavant gaz ak lavant jeneral nan zòn sèvis yo prèske double pandan wikenn eklips la, ak jounn pik la ki se madi 9 avril, ki menm jan ak yon wikenn vwayaj pandan ete. Anplis de sa, sesyon rechaj yo nan estasyon rechaj EV yo te ogmante pa plis pase 111 pousan konpare ak jou lasemèn nan mwa mas.

Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) Eta New York la

Enstalasyon Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik Eta New York yo te akeyi plis pase 10,000 envite, enkli nan Whiteface Mountain, Gore Mountain, Belleayre Mountain, Olympic Center (Sant Olenpik la), Mt Van Hoevenberg ak Olympic Jumping Complex (Konplèks So Olenpik la). Tout enstalasyon yo te gen aksè ouvri pou obsèvasyon eklips nan dat 8 avril epi yo te òganize evènman espesyal pou vizitè yo. Yo prensipalman itilize sit yo pou atraksyon vizitè yo, lwazi, fòmasyon ak konpetisyon.

Biwo Sèvis Enfòmasyon Teknoloji Eta New York la

An patenarya ak Pak Eta New York, Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) Eta New York te amelyore anpil enfrastrikti dijital nan Pak Eta Niagara Falls kòm yon pati nan yon inisyativ nan gwo echèl ki te enplike deplwaman yon rezo a gran vitès, rezilyan, solid, pou amelyore eksperyans vizitè yo. Anplis de sa, anplwaye ITS yo te sou plas anvan ak pandan evènman an pou asire siksè.

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Se te yon jounen enkwayab! Moun atravè mond lan te vin nan pak ak sit istorik nou yo pou pataje yon eklips solè total ki rive yon fwa nan lavi. Plizyè santèn milye moun te jwi yon eksperyans rich, memorab gras ak travay di anplwaye nou yo ak Lapolis Pak la pandan yon peryòd de ane. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ansanm ak asistans patnè eta ak lokal nou yo pou fè evènman an vin yon gwo siksè."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Li souvan pran yon vilaj pou fè sa ki ekstrawòdinè a rive, epi gras a yon efò milti-ajans ki dirije pa Gouvènè Hochul, eklips solè semèn sa a te yon siksè eksitan pou Eta New York. Moun atravè eta a te koute avètisman yo, yo te rive byen bonè epi yo te rete pou pita pou yo jwi anpil bèl mèvèy Empire State la gen pou ofri. Moun te rive fè eksperyans ak alafwa yon evènman natirèl ki te vrèman san parèy. Anpil jou, semèn ak mwa planifikasyon yo te vo lapèn, epi mwen te trè fyè de wòl ekip NYSDOT te jwe nan evènman sa a ki rive yon fwa nan yon jenerasyon an."

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, Esq. te deklare, "Preparasyon pou eklips la te kòmanse plis pase yon ane de sa, epi bon jan planifikasyon an te reyisi paske pa t gen gwo dezòd sou sistèm Thruway la nan tout eta a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Administrasyon li an paske yo te dirije yon

efò kolaboratif ak plizyè ajans ki te rasanble pati konsène yo ansanm pou bay yon eksperyans ki te memorab nan plizyè fason. Mwen vle ekspri apresyasyon mwen tou pou anpil moun ki te vwayaje san danje atravè sistèm Thruway la pou temwen eklips la, koute konsèy pou yo rive bonè epi rete an pou pita nan lokal obsèvasyon pa yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Izin idwo-elektrik Niagara ak St. Lawrence Otorite Enèji New York la te alafwa nan chemen totalite eklips solè a epi sant vizitè yo te sèvi kòm yon lokal obsèvasyon prensipal. Nou menm nan NYPA, nou te kontan ofri vizitè yo yon kote pou yo gade fenomèn sa a ki rive yon fwa nan la lavi ansanm ak nou — epi tou yon fason pou nou rive la! Rezo estasyon rechaj EV Evolve NY Otorite Enèji a te ede asire chofè EV yo te kapab vwayaje nan Lwès New York ak North Country pou yon okazyon enteresan."

Ofisye Enfòmasyon Anchèf Eta New York la, Dru Rai, te deklare, "Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon yo fyè dèske li te konstwi rezo teknoloji ajil ak fleksib ki te pèmèt plizyè milye vizitè, Administrasyon Nasyonal Espas ak Ayewonotik (NASA) ak manm medya yo pou pote sa eksperyans etonan, ki rive yon fwa nan lavi sa nan mond lan. Gouvènman Eta a travay pi byen lè nou travay ansanm, epi nou te kontan pou nou rejwenn patnè nou yo nan jwe yon wòl enpòtan nan evènman istorik sa a pou New York."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)